



COVID-19

Konsèy pou Netwayaj ak Dezenfeksyon pou Enstalasyon yo

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov/COVID-19



NETWAYAJ Retire jèm ak pousyè nan sifas ak objè yo avèk savon ak dlo. Netwayaj la pa pral touye jèm COVID-19 men l ap diminye kantite jèm yo.

DEZENFEKSYON Itilize pwodui chimik pou touye jèm COVID-19 yo. Dezenfeksyon an mache pi byen sou yon sifas ki deja netwaye paske li touye jèm ki rete yo. Sa diminye risk pou pwopagasyon COVID-19.

Itilize pwodui ak dezenfektan ke Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) verifye.



▪ Jwenn dezenfektan ki anrejistre nan EPA yo nan tinyurl.com/tmo4xgf oswa itilize aplikasyon kamera telefòn ou pou eskane kòd la.

▪ Asire ou ke pwodui ou itilize yo pa ekspire. Suiv esplikasyon ki sou etikèt la.

▪ Pou sèten sifas, ou ka itilize solisyon klowòks pou kay delye epi solisyon alkòl (omwen 70% alkòl). Pa janm melanje klowòks avèk amonyak oswa nenpòt lòt pwodui netwayaj.

▪ Fè yon solisyon klowòks: Melanje 5 gwo kiyè klowòks pou chak galon dlo oswa 4 ti kiyè klowòks pou chak lit dlo.

▪ Anpil pwodui dwe rete mouye pandan yon peryòd tan pou yo travay—tcheke esplikasyon yo sou etikèt la. Solisyon klowòks la dwe rete mouye pandan omwen 1 minit.

▪ Bon sikilasyon lè nesèsè lè w ap netwaye ak dezenfekte.



Pwoteje tèt ou.



GANJETAB METE yo lè w ap netwaye ak dezenfekte ak lè w ap fè tout kalite menaj—ansanm ak lè w ap mete fatra deyò. Jete gan jetab yo apre chak itilizasyon. Ou ka mete gan ki ka resèvi, men ou dwe rezève yon pè pou netwayaj ak dezenfeksyon COVID-19 sèlman.

EKIPMAN PWOTEKSYON PÈSONÈL (PERSONAL PROTECTIVE EQUIPMENT, PPE) Selon pwodui netwayaj ak dezenfeksyon w ap itilize a, ou ka oblije mete PPE tankou yon blouz oswa yon mask pou figi. Fè atansyon lè moman rive pou w retire PPE ou an—ou ka pwopaje jèm COVID-19 bay tèt ou ak antouraj ou.

LAVE MEN OU SOUVAN LAVE YO AVÈK SAVON ak dlo pandan 20 segonn. Ou ka itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl (omwen 60% alkòl) sou men ou si yo pa sanble sal. Men si men ou sanble sal, itilize savon ak dlo.


LAVE YO TOUSWIT APRE:

- Netwayaj ak dezenfeksyon sifas di oswa mou, oswa lesiv, epi apre ou te fin retire gan ak PPE yo.
- Ou sot nan twalèt.
- Ou fin touse oswa etènye.

LAVE YO ANVAN AK APRE:

- Kontak avèk yon lòt moun—ki malad oswa ki an sante.
- Manje oswa prepare manje.
- Mouche nen ou.

Netwayaj, dezenfeksyon ak menaj.




SIFAS KI DI YO Bagay tankou tab, manch pòt, switch limyè, anlè kontwa, manch, biwo, telefòn, klavye, twalèt, wobinèt, lavabo, elatriye, se bagay moun manyen anpil epi yo dwe netwaye ak dezenfekte omwen chak jou.



LESIV Swiv esplikasyon ki sou etikèt la epi itilize reglaj dlo ki pi cho a. Seche atik yo nèt.

- Pa souke lesiv sal yo.
- Ou ka lave rad, sèvyèt ak dra sal yon moun ki malad avèk rès lesiv la.
- Netwaye ak dezenfekte panye lesiv yo.




SIFAS KI MOU YO Atik tankou planche ki gen kapèt, tapi ak rido dwe netwaye oswa dezenfekte souvan.

- Itilize savon ak dlo oswa pwodui netwayaj ki p ap andomaje atik yo.
- Fè lesiv atik yo si sa posib. Gade nan Lesiv.
- Oswa itilize yon dezenfektan ki anrejistre nan EPA.

ZÒN KOTE YON MOUN KI GEN COVID-19 TE YE

Fèmèn zòn yo pou lòt moun nan bilding lan epi eseye louvri pòt ak fenèt ki bay sou deyò yo pou ogmante sikilasyon lè nan zòn lan.

- Tann 24 èdtan, oswa tout kantite tan ki posib, anvan ou netwaye ak dezenfekte yon zòn.
- Mete gan ak blouz jetab pou tout netwayaj, dezenfeksyon ak menaj.
- Netwaye ak dezenfekte tout bagay—sifas di ak mou ak aparèy elektwonik—moun ki malad la te itilize.
- Si sa gen plis pase 7 jou depi moun ki malad la te nan yon zòn, netwayaj ak dezenfeksyon anplis pa nesèsè.



APARÈY ELEKTWONIK YO Tablèt, ekran pou touche, klavye, telekòmman ak ATM dwe netwaye ak dezenfekte omwen chak jou.

- Si pa gen okenn konsèy fabrikan an pou netwayaj, itilize ti tanpon abaz alkòl oswa (omwen 70% alkòl).